Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 10 (7359)
7 Март 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Барка, магІарулай, 8 Март!



Хириял руччаби! Гьале тІаде щвана ихдалил тІоцебесеб праздник 8 Март. РакІ-ракІалъ баркула нужеда бищунго берцинаб, бищунго гвангъараб руччабазул праздник. Гьеб буго бакъул хинал чІоралгун, чІаголъулеб, цІилъулеб тІабигІатгун, щибаб соналъго бачІунеб байрамазул цояб. Гьелъулъ бессун буго чІужугІаданалъул сипаталда хурхараб кинабго гьайбатабщинаб. Гьеб къоялъ нилъеца кІодо гьабула нилъ гьарурал, кодоре рачун нилъ реэдарал, кинидахъ хІайранал кучІдул ахІарал, нилъер хІеренал, кидаго нилъ рекІел хинлъиялъги, тІалаб-агъазалъги сверун ккурал улбул, нилъер къадруял, къиматал, хІажаталъур нилъер хьолбохъ ратулел ясал ва яцал. Хириял улбул, яцал ва ясал! Щибаб хъизаналъул рухІияб рацІалъиги хинлъиги цІунулел, хІалхьи лъаларел нужелъ бихьула лъикІабщинаб. Мекъи ккеларо чІужугІадан гьечІони ракьалда гІумру букІинарин абуниги. ЧІужугІадан гьечІеб рукъ – гьеб буго цІа свараб гъасито. ЧІужугІаданалъул кверазги гІакълуялъги, махщалицаги гІуцІула дунял, данде бачуна хъизан-рукъ, кІудияб ва жавабчилъи цІикІкІараб роль хІалтІизабула общественниябгун жамгІияб гІумро цебетІезабиялда. Доб Совет хІукуматалъул заманалда гІадин жакъаги дагьаб хІалтІи гуро руччабаз гьабулеб бугеб гІун бачІунеб гІелалъе тарбия-лъай кьеялъеги, халкъалъе медицинаялъулгун социалияб хъулухъ гьабиялдаги ва цогидал бутІабаздаги. ЧІужугІадан кидаго мустахІикъай йиго рещцалъеги адаб-хІурматалъеги.

Гьарула киналго руччабазе ракълилаб гІумро, талихІгун рохел, щулияб сахлъи. Биччанте киналго хъизанал рахІаталда ва гьарзалъиялда рукІине. Иманги, талихІги, икъбалги, нужее, нижер хириял руччаби!

ГІ. НУРМУХІАМАДОВ.
«Унсоколо район» МОялъул бетІер.

## Заседание тІобитІана



Араб анкьалда райадминистрациялъул конференц-залалда букІана иргадулаб районалъул Сораниялъул заседание. Гьенир гІахьаллъана районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадов, Собраниялъул пред. К. Асадулаев, районалъул прокурор ХІ. Хайчилаев, финансазул отделалъул нач. С. АрулмухІамадов ва цогидалги.

Заседание рагьана ва бачана К. Асадулаевас. Къойил темаялда букІана (вакилзабилъун рукІарал) районалъул депутатазул полномочий букІинаби, ай рикІкІин: гьел ккола Давуд Дахадаев (п. Шамильхъала), АхІмад Шамсудинов, (Генуб), Расул Якъубов (Балахьуни), Хизри МухІамадов (Майданское) ШагІбанмухІамад ШагІбанов (Майданское).

Хадуб «Унсоколо район» муниципалияб районалъул социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетІей»,- абураб программаялда рекъон информация гьабуна ХІ-М. МаллахІусейновас. Гьес бихьизабухъе программаялде росун руго тІолабго районалъул экономика цебетІезабиялъе проект, гьенире гьоркьоре рачун руго росдал магІишат, гІиси-бикъинаб ва гьоркьохъеб предпринимательство, туризм, росаби къачІай ва цогидалги цебетІезабиялъе хІажатал тадбирал.

Хадуб гІенеккана «Унсоколо район» МОялъул бюджеталъул 20І9 ва 2020 - 2021 саназул заманаялъе бугеб проекталъул кІиабилеб цІалиялъухъ. Гьеб суалалдасан кІалъана С. АрулмухІамадов. Жиндирго кІалъаялда гьес абуна: «Къабул гьабизе лъикІаблъун бихьизабула «Унсоколо район» МОялъул 20І9 соналъе ва 2020-202І плановиял санaзе бугеб бюджет,- абун. Бюджет хІадурун буго РДялъул 20І9-2020-202І саназул заманаялъе бугеб бюджеталъул кьучІаб законалда рекъон,-абун.

20І9 соналъе районалъул буго кинабниги – 738 226 азарго гъурущ доходазул. Гьездасан бюджеталда гьоркьосел республикаялъул трансфераялъул – 656 772,6 азарго гъурущ. Гьединго поселениязе дотация – 5І 295,0 азарго гъ. ГІаммаб къадар районалъул бюджеталъул гьаб соналда буго 758 566,7 азарго гъурущ .

ТІоцебесеб цІалиялда букІаралдаса хадуб хІисабалде босун буго лъай кьеялъул учреждениязул ва культураялъул хІалтІухъабазул гьаб соналъул І январалде харжал цІикІкІинаризе ккарал хиса-басиял. Цогидал категориязе гьел цІикІкІине руго 4,3 % гьаб соналъул І октябралде.

20І9 соналъул І-4 классазде щвезегІан ругел цІалдохъабазул квание бугеб гІарцул норма буго І5 гъурущ, цо цІалдохъанасе къойида жаниб, ясли-ахазда щибаб къойил квание норма ккола 60 гъурущ.

Гьединго бюджеталда хІисабалде росун руго бесдал 8 лъимералъе квартира босизе гІарац.

С. АрулмухІамадовасул докладалъухъги гІенеккун депутатаз гьесие кьуна гІемерал суалал. Гьезие чІванкъотІарал жавабалги щвана.

Гьедин 20І9 соналъе ва 2020-202І соназул плановияб заманаялъе бугеб бюджет депутатаз гъираялда къабул гьабуна.

## Руччабазул «Нашидазул къо»

Араб рузман къоялъ Шамильхъалаялъул Культураялъул Рокъоб букІана гІицІго руччабазе хІадурараб нашидал ахІулей Хадижал «Нашидазул сордо» тадбир. Гьей ккола Унсоколо районалъул Рихьуни росулъа. Хадижаца нашидал ахІула ТІадегІанав Аллагь ва МухІаммад авараг (с. т. гІ. в.) рещцун. ГІемерисел нашидал гьелъие хъвана П. ГІабдулаевалъ. Гьелъ кІалъазеги яхъун баркана Хадижада нашидал ахІиялъул тадбир. Гьединго тадбиралда гІахьаллъана ва кІалъазе яхъана «ВатІан» радиоялъул администратор ГІ. ГІабдурашидова. Тадбиралда гІахьаллъана Хьаргаби районалдаса руччабиги. Гьеб бачарал Марямица ва ГІайшатица балагьаразе хІадурун ругоан интересал конкурсал ва цогидалги номерал.

Тадбир бачунез бихьизабухъе Хадижаца бачунеб буго бертабалъ исламалъул къануналги цІунун гьел тІоритІиялде буссараб проект. Гьелъул генералияй директорги ккола гьей жийго. Хадижаца бахъулеб буго бусурманчІужуялъул хІакъалъулъ фильмги. Гьеб гьал къоязда къватІибе бачІине буго. Фильмалъул режиссер ккола ГІ. МухІамадова.

Тадбир гІуцІиялъулаб суал кодохъ босун букІана районалъул руччабазул советалъул пред., райадминисрациялъул вакил П. НурмухІамадовалъ. Гьейги кІалъана тадбиралда баркиялъул каламгун. Хадижаца гьелъие сайгъат гьабуна нашид.

Ахиралда Хадижаца ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабуна тадбир гІуцІизе кумек гьабуразе, гьенире рачІаразе.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 10 (7359)
Хамиз
7 Март 2019 сон



ЧIужугIадан, дица дур адабалъе
Аза-азар нухалъ бетIер къулула,
Дур хIеренлъиялъе къо хIехьеялъе,
ГIодоб накоги чIван хIурмат гьабула.

Йигеб бакI къалъулей, къилба гIадинай
Къварилъи кидаго лъагеги дуда,
Эмен-вац рохарай, рос-рукъ разияй
Лъимал рукъалдаса йохун тайги мун!

# МагIарулай



## «ЧIужугIаданалъул талихI буго гьелъул загIиплъиялъулъ»

1. Мунго йокье. ТалихIайлъун хъизаналда йикIине ккани, гьелъул кIудияб кIвар буго чIужугIаданалъе. РакIалдаго гьечIого гьедин абиялъ гIажаиблъизаризе бегьула. ХIакъикъаталда гьеб эгоизм кколаро, дурго кинабго тIокIлъиги бичIчIун, личность хIисабалда дудехунго адаб-хIурматалъулаб балагьи гьабизе тIами буго.

ЧIужугIадан жиндиего йокьулей гьечIони, ай жиндирго чIужугIаданалъулаб кIвар бугеб рахъ лъалеб гьечIони, бихьинчиясул лъай-хъваялдаги хадуб гIумруялъулъги мекъи ккезе бегьула.

2. Бихьиназулаб роль хIаге. Эбел-инсуца школалда рукIаго ясаздаса тIалаб гьабула кинабго ишалъулъ аслияллъун ва церехъабилъун рукIине. Ва кIочон тоге унго-унгояб гIумроялъулъ киналго хадур цIаялъулаб роль рекъолеблъи ва аслияблъун кколеблъи бихьиназе. ГIемер дандчIвала аслияй командирлъун чIужу ва мухъилавлъун рос вугел хъизанал. Амма гьелдалъун гуродай риххулел хъизанал ва къварилъи букIунеб рокъоб?

Жинсазулаб ращалъи ккола руччабазулги бихьиназулги ращалъи. Феминизмалъ абуни ригьналъ талихI хвезе гьабула.

3. Гьанжесел руччабазе (лъудбузе) бокьула бахIарчилъи бихьизабизе. Гьез жидерго гьуждузде цIала хъизаналъулаб кинабго жавабчилъи. Заман ун хадуб гIарзал рахъизе байбихьула росазул тIалаб гьечIолъиялъул, какизе байбихьула гьев. Гьеб кIигъежалде босизе бачIинахъего тезе ккола бихьинчиясухъ, гьесул жавабчилъи борхизабизе ккола хъизаналъе гIоло.

ЧIужугIаданалъ тIалаб гьабизе ккола личность хIисабалда жиндирго ва хъизаналъул руччабазулаб ахIвал-хIалазул.

4. Бихьинчиясдехун бихьинчиясулаб хIурмат цIуне. Росасда, васазда ва бихьиназда ракI гурхIуге! КверчIвай, кумек гьабе, амма гьез жидедаго тIадаб иш тIубазабизе те. Божилъи, кумек гьаби гурони, гьезда гурхIел гьабизе бегьуларо... гьелъ лъалаго биххизабула бихьинчиясул рухIияб къуват, жиндирго хIурмат гьаби, жиндирго бажариялде божилъи.

5. Бихьиназул жидергоял ишазул гIорхьаби цIуне. Бихьинчиясул жиндирго ракIчIей, тIадчилъи, жавабчилъи биххула чIужугIаданалъ кIияздаго гьоркьор гIорхьаби цIунулел гьечIони. Гьеб рокьилъун бихьизабулаго чIужугIаданалда кIочон тола тIад хьаравуллъи гьабиялъ гьесулъ бихьинчилъи чIвалеблъи. Бихьинчи махIрумлъула жиндирго хIукмо къабул гьабизе бугеб жиндиргояб эркенлъиялдаса. ЙикIунге дурго росасе эбеллъун – гьев цевего кIудияв гIун вуго.

6. Бихьинчи дурго квершаликье ккезавуге. Гьесие гIорхьаби чIван тарбия кьоге. Бихьинчи дуца батIиявлъун вахъинавизе кколаро, дудаго тIад хIалтIе. Ялъуни бачIинахъего бичIчIа дуда гьев дур бихьинчи гуревлъи.

Балъголъи гуро гьанжесей чIужугIадан бихьинчи гьечIого тIуялей йикIин. Щай цинги гьел росабазе унел? Хъизаналъулал ритIарал нухал цIунулел гьечIони, гьеб кIиязего гIазабалде сверизе бегьула. ЧIужугIаданалда киданиги кIочене бегьуларо: «ЧIужугIаданалъул къуват гьелъул загIиплъиялъулъ буго» ,-абураб некIсияб аби.

О. Ю. ДЮМИНА
Хъизаналъул психолог.

## Дагьабго гьими

Лъадуца росасде ахIула: кив гIаги мун вугев? - абун.
- Хирияй, ракIалда бугищ доб жемчугалъухъ дур рокьи ккараб ожерелиязул ювилерниаб тукен?
- Буго-буго, хирияв! – ян хIеккуна жемчуг бокьарай лъадул ракI.
- Дун вуго гьеб лавкаялда данд битIун бугеб баралда.

•••

Баралда гIодор чIун руго росги лъадиги. Гьелъул стойкаялда цеве вахъун чIарав цо бихьинчиги вихьизавун лъадуца росасда абула: - Гьадав васгун ятIалъана дун анкьго соналъ цебе, доб заманалдаса нахъе гьекъолдулев вуго дов.
- ГIела гьерсал рицарал, гьелгощинал саназ чияс праздник гьабуларо.

Залму Батырова

## ГIолилал ясазе - кIодол насихIат

Воре киданиги как тоге, дарман
Как тараб черхалда баркат лъоларо,
Киб хIетIе лъуниги лъан букIа дуда
Аллагь дуда хадув хал ккун вугевлъи.
Эбелалъ лъураб цIар цIун цIуне, дир месед
Дурго гIадамазулъ къадру букIине,
ЧIухIи-пахрулъиигун хьадуге, дир яс
Дудаго хадуб кIал рекIунгутIизе.

ГIолохъанлъиялъул гъветI дуца цIуне
Гьеб гIаркьел бекани квешго бижула,
ХIетIе чIезе тоге дурго тIегьалда
ТIад мал чIараб тIогьол берцинлъи хола.
РакIалъул бацIцIалъи, цIуне, яс дуца
Аллагьас цIунула ракI бацIцIадав чи,
ЦIуне дуца дурго рекIел хIеренлъи
Гьелъ ццидал карачел къезе гьабула.

Воре, дуца хехлъун рагIи абуге
АбичIого тараб рагIийин цIакъаб,
Дуй чучударесе керен чучуге
Кинабго гьеб метер къотIноб батулин.
ЩIорол гIанси гIадин гIунун йикIунге
Хинлъийин бокьулеб мун йокьулесе,
Бакъвараб тIил гIадин тIилгIан йикIунге
Гьеб хехго бекула квер тIаде цуни.

Дуца ургъел бикье мун вокьулесе
Мун къварид йихьани ургъел чIвалесе,
Дуца керен чуче, мун йичIчIулесе,
Дур ургъел-агъазалъ къоял унесе.
ЧIун бухIараб бакъукь хинлъизе чIоге
Дурго къавулъ бугеб цIаги гIун йикIа!
Дурго рагьда бакъ кквe, рокъоб хинлъи ккве
Мун квачан гIумроялъ хвезе теларо.

Мун хьвадулеб нухда цебе хьаниги
ГIарцуде къулуге къадру биххулин,
КъотIноб гIодой бараб месед батани
Кодойцин босуге, мун басралъулин.
Бихьинчи вугелъуй мунго хутIуге
Гьенибе гьоркьобе илбис бачIуна,
РекъечIел пикраби каранлъ гьалдезе
Квешлъиялъул нухде гали бегьуге.



Мунагьал камурав чи вукIунаро
Аллагьасе тавбу тоге кидаго,
Рикъзи гIатIилъулеб, гIумро бохулеб
ГIужда балеб каким гьабуге квал-квал.
Чияр мунагьазул гьорой яккуге
Дурго жаваб къезе кIвараб гIела дуй,
Бихьараб, рагIараб гьурщизе унге
Гьеб цIехезе гурин бацI рохьой унеб.

ЖахIда-хIусуд дуца добе нахъе цуй
Цадахъ гьеб бугев чи гIузрабаз чIвалин,
Макруялдаса мун рикIкIада йикIа
Балагьалъ цо къоялъ къезе гьаюлин.
Гулла буссаниги тIад буссунареб
СогIаб рагIи абун гIадан лъукъуге,



Къаде бакъ сваниги свине лъалареб
Тушманлъи ракьаллда бекьизе тоге!

ЯхIалъул кунаца угьен бессараб
Сабруялъе даим ритIухъай йикIа,
Намусалъул иццухъ лугбалги чурун
Черх дуца кидаго бацIцIадго цIуне!
Дуца дурго рокъоб къадада бан те
Адабалъул чирахъ, нуралъул канлъи,
Гьобол-гьудуласе гьумер битIизе
Гьелъ нодо букIкIине биччангутIизе.

Воре дуца, дарман, мунго еццуге
ГIадамаз ецщила ецизе ккани,
Квешаца какунин ургъел гьабуге
ГIеч гьечIеб гъветIалда тIил речIчIуларо.
Умумазул гIорхьи бахунеб гIадаб
Хьвада-чIвади дуца воре гьабуге,
ГIадамал хьвадулеб нухги жибго тун
Зодисан йоржине куркьбал ургъуге.

ГIадамалъ тIокIлъуге, тIокIлъанщиназде
ТIаде хIацIу тулин магIарулаца,
Цее-цее кIанцIун йихьизаюге
Гьедин церетIурал сурун рихьулин.
Ясал гIадаллъулел рагIаби лъалел
ГIолилас мун гьоркье рехизе гурин,
ГIакълу-гьаваялде боржинабулел
Гьесул рагIабазде божизе гурин.

Гьал жакъа къоялъул къосарал кучIдул
Каранлъе риччани, мунги къосина,
Чияр росабазухъ рокьи гьабулел
Гьагулаби дуда берцин рихьуге!
АскIосан аниги гIадан къосунел
Ясал гIемерлъана Дагъистаналда,
Дуца гьезулгун бох бухьине гурин
Берцин гьелги рихьун хьвадизе гурин.

Гьезул кочIол бакънал, гьезий чIвалеб хъат
Хъубаб гьури буго Дагъистаналда,
Гьаб заманаялъул ахIи-хIуралъул
ХIуруца бецщлъизе гьайизе гурин.
ЛъикIаб кодой босун, квешаб жибго тун
Цеехун а, дарман, дуй нух битIила,
Жакъа дуниялги, доб ахиратги
Мун йохулеб щвела, щаклъуге гьелда.

Зобазда Аллагьас къадар хъварасда
Къаникь яхчаниги мун данделъила,
Дуе ян ракьалда вижун вугев чи
Чапарлъун цо къоялъ духъе вачIина.
Хабалъе бох лъурай херай йигилан
Дица малъараб жо дуца рехуге,
Дунги дунгIадалги араб нухдасан
Цеехун къокъине, дуй нух битIаги!

Гьале щибаб росулъ гIакъилал улбуз
ГIумрудул дарсаллъун тараб васият,
ЦIунарал рохараб, тарал гIодараб
ГIад гьабун тарасул талихI биларабI.

# Нилъер жакъасел ишалъулал руччаби

## (Баркула нужеда 8 Марталъул праздник)



**ХIайбулаева Раисат МухIамадгIалиевна гьаюна - 1961 с. Унсоколо росулъ.**

РДялъул Пачалихъияб хъулухъалъул мустахIикъай хIалтIухъан

Унсоколо росулъ 4 классги лъугIизабун эбел-эменгун цадахъ Раисат ХIайбулаева гочана МахIачхъалаялде. Гьениб № 17 школалда лъугIана 10 классги.

ХIайбулаева Раисатица тIокIлъигун лъугIизабуна ДГУялъул экономикияб факультет ва Правовияб академия. ГIемерал саназ хIалтIана РДялъул МВДялда, йиго милициялъул майор. 2006 соналдаса нахъе хIалтIана РДялъул шапакъатазул ва кадровияб управлениялъул начальниклъун. Гьелъул кIиявго вас ккола РДялъул полициялъул офицерал, гьабсагIаталдаги гьез гьеб иш намусалда тIубазабулеб буго.

Руго гIемерал пачалихъиял шапакъатал. «За доблесть в службе МВД России» медаль, гьединго гIемерал ХIурматиял грамотаби.



**ГIабдулмеджидова Майсарат ХIамзатовна гьаюна 1959 с. ГьаракIуни росулъ**

РДялъул мустахIикъай артистка.

1979с.МайсаратГIабдулмеджидовналъул лъугIана ГьаракIуни школа ва цIализе лъугьана Грузиялъул Тбилиси шагьаралда пачалихъиябгун театралияб институт. 1984с. гьебги лъугIизабун хIалтIизе ячIана авар театралде.

Гьелдаго цадахъ Майсарат хIалтIулей йиго ДГУялъул театралияб факультеталда преподавательлъун. Театр цебетIезабиялъулъ рихьизарурал тIадегIанал хIасилязе гIоло гьелъие 1999 с. кьуна «Заслуженная артистка РД» абураб цIар.



**ГIабдурахIманова Асият Гъайирбеговна – 1973 с. гьаюна Балахьуни росулъ**

Биологиял гIелмабазул кандидат.

1995 соналда А. ГIабдурахIмановалъ лъугIизабуна ДГУялъул экономикияб факультет. Гьелъул гIелмияб степень ккола биологиял гIелмабазул кандидат. 2003 соналда цIунана гьелъул диссертация ва гьеб тасдикъ гьабуна 2004 соналъул 5 марталда РФялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствалъул ВАКалъ.

Лекциял цIалула ДГУялъул 3-4 курсазул «Экология и природопользование» факультеталъул студентазе. Нухмалъи гьабула дипломалъулал хIалтIабазе, рецензия гьабула цIалулгун методикиял пособиязе ва гIелмиял хIалтIабазе.

А. ГIабдурахIмановалъул буго 39 печаталда бахъараб материал, 27 гIелмияб ва 12 цIалулгун методикияб хIалтIи. Гьел гIатIидго хIалтIизарула педагогическияб хIалбихьиялъулъ.



**ГIабдулгьавагьабова Саида ГIабдулгъапуровна гьаюна – 1974 с. Рихьуни росулъ.**

1997с. лъугIана ДГПИялъул географиялъул факультет. ТIадегIанаб лъай щун хадуй хIалтIана гьений прикладнияб экологиялъул институталда гIелмияй хIалтIухъанлъун. Хадуй хIалтIана МахIачхъалаялъул №8 школа лицеялъул географиялъул учительлъун. 2005 с. нахъе хIалтIулей йиго ДГПУялъул экономикаялъул ва социалияб географиялъул кафедраялда, ккола педагогикиял гIелмабазул кандидат, гьебго кафедраялъул доцент. Гьей йиго 30 гIелмиябгун методикиял пособиязул автор.



**СагIидова Барият МухIамадовна гьаюна - 1976 с. ГьаракIуни росулъ**

Барият СагIидовалъул 1999 с. лъугIана ДГМАялъул сах гьариялъул факультет.

2002 с. лъугIана ДГМАялъул потологияб кафедраялда аспирантура. Гьеб соналдаса нахъе хIалтIулей йиго микробиологиялъул, вирусазул ва иммунологиялъул кафедраялда. Ккола гьеб кафедраялъул доцент, микробиологиялъул рахъалъ хъвана 20 гIелмияб хIалтIи.



**МутIалимова Заира МухIамадкамиловна, гьаюна - 1979 с. Рихьуни росулъ**

Медицинаялул гIелмабазул кандидат.

ДГМАмалъул кандидат микробиологиялъул кафедраялъул ассистент.

Заира МутIалимовалъ 1996 соналда лъугIизабуна Рихьуни гьоркьохъеб школа. Гьеб соналъго лъугьана Дагъистаналъул медакадемиялде ва лъугIана 2003 соналда. 2007 соналда лъугIана микробиологиялъул, вырусазулгун иммуналогиялъул кафедраялда аспирунтура. 2014 соналъул сентябралда цIунана гIелмабазул кандидатасул цIаралъе диссертациялъул хIалтIи.

ГьабсагIаталда хIалтIулей йиго микробиологиялъул, вирусалогиялъул ва иммунологиялъул кафедраялда ассистентлъун.



**СагIидова Заира МухIамадовна гьаюна - 1985 с. ГьаракIуни росулъ**

ДГМАялъул медицинаялъул гIелмабазул кандидат. Жанисел унтабазул кафедраялъул ассистент.

Заира СагIидовалъ 2006 с. тIадегIанлъиялда лъугIизабуна ДГМАялъул педиатрлъиялъул факультет. Гьеб соналъго лъугьана жанисел унтаби абураб махщалие цIализе ординатураялде. 2012 с. нахъе хIалтIулей йиго ДГМАялъул жанисел унтабазул ва педиатрическияб факультетазда.



**НурмухIамадова ПатIимат МухIумаевна гьаюна - 1983 с. ЦIатIанихъ росулъ**

РДялъул Минздравалъул бетIерай акушер – гинеколог, медицинаялъул гIелмабазул кандидат.

НурмухIамадова ПатIимат ккола районалъул республикаялдаго цIар рагIарав хирург М. МухIамадовасул яс.

1999 с. лъикIал къиматазда школаги лъигIизабун цIализе лъугьана ДГМАялъул сах гьариялъул факультеталде. Хадуб специализация гьабуна республикаялъул клиническияб больницаялда акушерства – гинекологиялъе. 2012 соналда лъугIизабуна Москваялъул медико – стоматологиялъул университеталда аспирантура, цIунана диссертация, йиго тIадегIанаб категориялъул врач. Хъвана 41 гIелмияб хIалтIи, 2 монография, 4 практическияб рекомендация.


Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района
Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 06. 03. 19 г. 16. 00
фактически -16. 30 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.